



Si nenpòt nan deklarasyon ki anba la yo aplike pou aplikasyon sa a, koche kaz chak deklarasyon ki aplike, epi ranpli Seksyon 1 ak Seksyon 2 ki anba la a. Si pa gen deklarasyon ki aplike, ale nan "Eksplikasyon" ki anba la a:

- Adrès la se yon NOUVO ADRÈS.
NON PWOPRIYETÈ A CHANJE. Antre NOUVO non an:
PWOPRIYETÈ A MOURI.
PWOPRIYETÈ A BAY PWOKIRASYON.
Sa ki nan aplikasyon sa a se yon orijinal ANILASYON DWA PRIVILÈJ ki siyen epi ki gen yon dat. (Nou pa aksepte fotokopi.)

Non Fanmi, Prenon, Dezyèm Prenon

EKSPLIKASYON:

- Ranpli Seksyon 1 ki anba la a. Bay tout enfòmasyon nou mande ou.
Li Seksyon 2 - Otantifikasyon, siyen li epi mete dat ladan.
Bay dokiman obligatwa ki pwouve idantite pou moun ki siyen otantifikasyon an nan Seksyon 2 (gade Seksyon 3 ki nan paj 2 a).
Si non ou chanje, si pwopriyetè a mouri, oswa si ou gen Pwokirasyon, bay dokiman obligatwa ki dekri nan Seksyon 4 ki nan paj 2 a.
Bay yon frè \$20 apa pou chak aplikasyon.
Pote aplikasyon sa a ansanm avèk dokiman ORIJINAL prèv idantite ou ak frè kòrèk pou peye nan nenpòt biwo Veyikil-a-Motè. Si Seksyon 4 la aplike pou ou, pote dokiman ki obligatwa yo.

OSWA

Voye aplikasyon sa a nan sèvis lapòs ansanm avèk FOTOKOPI dokiman ki pwouve idantite ou, nenpòt lòt dokiman (si li obligatwa anba Seksyon 4) ak frè kòrèk pou peye Biwo Tit nan adrès ki endike anlè paj sa a. Peye avèk yon chèk oswa yon chèk postaj (money order) sou non "Commissioner of Motor Vehicles", pa voye lajan kach nan sèvis lapòs.

OSWA

Si adrès ou pa t chanje depi dènye fwa ou te anrejistre veyikil la, epi si adrès kote w ap viv kounye a nan anrejistremant ou, ou kapab aplike pou yon diplikata tit la nan Entènèt. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Entènèt nan sitwèb dmv.ny.gov

↓ KLIYAN AN DWE RANPLI SEKSYON 1 AK SEKSYON 2 KI ANBA LA A ↓

SEKSYON 1

Form with fields: Veyikil la oswa Nimewo Idantifikasyon Konplè a (VIN oswa HIN), Ane, Mak, Nimewo Plak Imatrikilasyon, Non Pwopriyetè a (Non Fanmi, Prenon, Dezyèm Prenon), Dat Li Fèt (Mwa/Jou/Ane), C/O (aplike si Pwokirasyon oswa otorizasyon konsesyonè a endike, oswa si pwopriyetè a mouri), Adrès Postal nan Moman an (Nimewo ak Ri), Nimewo Sosyal, Nimewo Telefòn pou Lajounen, Vil, Eta, Kòd Postal

SEKSYON 2 — Otantifikasyon

Mwen rekonèt DIPLIKATA SÈTIFIKA TIT m ap resevwa a kòm yon rezilta aplikasyon sa a ap ranplase tout tit mwen te resevwa anvan, epi se sèlman diplikata tit sa a mwen ka itilize pou vann, transfere oswa boukante veyikil, bato oswa kay ki endike anwo kay pre-fabrike. Mwen konfime Sètifika Tit pou veyikil, bato, oswa kay pre-fabrike ki dekri anwo a, ak dènye tit men te resevwa sou non pwopriyetè a, te pèdi, te detwi oswa te domaje. Si li te pèdi oswa detwi, mwen pa konnen kote li ye; si li te domaje, mwen te mete li ansanm avèk aplikasyon sa a. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay sou aplikasyon sa a se enfòmasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen ak kwè. Mwen rekonèt si mwen fè espere pou fè yon fo deklarasyon sou aplikasyon sa a sa ap reprezante yon deli dapre Atik 210 Lwa Kriminèl ak Seksyon 392 Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon.

SIYEN LA A (Siyati Pwopriyetè a oswa Moun ki Aplike a) (Dat)

Si ou siyen pou yon konpayi oswa si ou itilize yon "sou non", ekri prenon ak non fanmi ou ak tit ou an lèt detache la a (sètadi Pwokirasyon, Egzekite Testaman, Fanmi Pwòch, Prezidan, elatriye.)

ENPÒTAN: DAPRE LALWA, OU FÈT POU VOYE DIPLIKATA SÈTIFIKA TIT LA BA PWOPRIYETÈ A. OU PA BEZWEN ALE NAN DMV POU JWENN DIPLIKATA TIT LA.

SEKSYON 3 – DOKIMAN KI PWOUVE NON/IDANTITE

Si ou aplike nan sèvis lapòs, sonje pou voye **kopi** prè ou yo. Nou p ap retounen dokiman orijinal yo.

Pou Moun

- ◆ Prè dat ou fèt ak
- ◆ 6 pwen prè non ou



Yon lisans chofè Eta New York ki gen foto, pèmi apranti, oswa kat ID ki pa lisans chofè ki ajou, oswa ki ekspire depi apeprè 2 ane ap satisfè toulède kondisyon sa yo. Lòt dokiman nou aksepte pou prè idantite ak valè pwen ki asosye avèk dokiman yo endike sou fòm ID-82 (Prè Idantite pou Anrejistreman ak Tit) ki disponib sou Entènèt nan sitwèb dmv.ny.gov ak nan nenpòt biwo Veyikil-a-Motè.

Pou Konpayi yo (montre youn nan prè ki anba la yo)

1. Yon anrejistreman veyikil oswa yon sètifika tit Eta New York ki nan non konpayi an; **oswa**
2. Yon kopi sètifye Sètifika Fòmasyon Konpayi Eta New York; **oswa**
3. Konpayi Eta New York yo dwe bay:
 - a. yon sètifika konfòmite oswa ki anvigè ankò yo bay nan Depatman-Deta Eta New York; **oswa**
 - b. yon resi aplikasyon yo bay nan Depatman-Deta Eta New York.
4. Konpayi ki pa nan eta a dwe bay:
 - a. yon kopi sètifye Sètifikasyon Fòmasyon Konpayi yo resevwa nan eta kote y ap viv la; **oswa**
 - b. yon sètifika ki anvigè ankò oswa yon òf nan peyi etranje yo bay nan Depatman-Deta Eta New York.
5. DBA konpayi a dwe bay yon resi aplikasyon li resevwa nan Depatman-Deta ki gen DBA a ladan.
6. Asosyasyon ki pa enkòpore: Prè ki obligatwa yo depannde kalite òganizasyon an. Kontakte yon biwo Veyikil-a-Motè pou jwenn enfòmasyon yo.

Pou Patenarya (montre youn nan prè ki anba la yo)

- ◆ Yon Sètifika Patenarya a (ki depoze nan biwo Grefye Konte a); **oswa**
- ◆ Yon kopi resi aplikasyon DBA Grefye Konte a bay.

SEKSYON 4 – EKSPLIKASYON ESPESYAL POU CHANJMAN NON, PWOPRIYETÈ KI MOURI OSWA PWOKIRASYON

Chanjman Non

1. Anlè pa 1 koche kaz “NON PWOPRIYETÈ CHANJE”, epi antre nouvo non ou nan espas yo bay adwat la.
2. Nan Seksyon 1, antre ansyen non ou nan kaz “Non Pwopriyetè” a, epi ranpli rès kaz ki nan Seksyon 1 an.
3. Nan Seksyon 2 a, siyen Otantifikasyon an, epi ekri dat la.

Si non ou chanje, epi si ou vann veyikil la, bato a oswa kay pre-fabrike a, ou kapab bay tit la ansanm avèk ansyen non ou ba moun ki achte veyikil la. Yon tit ki non nouvo non ou pa obligatwa.

Si ansyen nou ou sou tit la ak anrejistreman an, epi si ou bezwen yon diplikata tit nan nouvo non ou, ou fèt pou chanje non ou anvan sou lisans chofè ou ak sou anrejistreman an. Pote aplikasyon sa a AK sètifika maryaj orijinal la, sètifika divòs la oswa lòt dokiman ki konfime chanjman non ou nan nenpòt biwo Veyikil-a-Motè.

Si ansyen nou sou tit la men veyikil la PA anrejistre, epi si ou bezwen yon tit nan nouvo non ou, ou FÈT POU voye aplikasyon sa a AK yon fotokopi sètifika maryaj ou, sètifika divòs ou oswa lòt dokiman ki konfime chanjman non ou nan Biwo Tit la ki nan adrès ki endike anlè Paj 1 an.

Pwopriyetè a Mouri

Anlè paj 1 an koche kaz “PWOPRIYETÈ A MOURI”. Nan Seksyon 1:

1. Antre non ak dat nesans moun ki mouri a.
2. Nan espas “C/O” (Sou Non), antre non ou.
3. Nan espas “Adrès Postal Ou Kounye a”, antre adrès ou.
4. Ou fèt pou prezante dokiman pou pwouve idantite ou, men pa pou pwouve idantite moun ki mouri a (gade Seksyon 3). Ou fèt pou bay enfòmasyon ki anba la yo:

Si ou se madanm/mari yon moun ki mouri, timoun ki poko gen laj 18 tan oswa fanmi pwòch, prezante yon kopi Sètifika Lanmò a (Sètifika Lanmò oswa Otantifikasyon Lanmò), Lèt Testamantè, oswa Lèt Administrasyon. Nan Seksyon 2 a siyen non ou, answit ekri “Madanm/Mari”, oswa “Fanmi Pwòch”, oswa pou yon timoun ki poko gen laj 18 tan “Responsab Legal oswa timoun minè”. Si relasyon sa yo pa aplike pou ou, prezante Lèt Testamantè yo oswa Lèt Administrasyon yo.

NOT: Gid siplèman ka aplike pou anrejistre oswa pou transfere veyikil ou bezwen yon diplikata tit la. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade fòm MV-349 (Transfè Veyikil ki Anrejistre nan Non Moun ki Mouri a) oswa fòm MV-349.1 (Deklarasyon sou Sèman pou Transfè Veyikil-a-Motè).

Pwokirasyon

Anlè paj 1 an koche kaz “PWOPRIYETÈ A BAY PWOKIRASYON”. Nan Seksyon 1:

1. Antre non ak dat nesans pwopriyetè a.
2. Nan espas “C/O” (Sou Non), antre non ou.
3. Nan espas “Adrès Postal Ou Kounye a”, antre adrès ou.
4. Bay yon Pwokirasyon Orijinal (POA) ki notarye epi ki gen ladan: Dat yo te bay POA, non ak adrès moun oswa konpayi ki te bay POA, non ak adrès moun oswa konpayi ki gen POA, siyatè orijinal moun ki te bay POA.

